



COVID-19

Pwoteksyon, Planifikasyon ak Swen pou Moun Aje

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Moun ki gen laj 65 lane oswa plis ak moun nenpòt laj ki gen pwoblèm medikal grav alabaz ka petèt nan pi gwo risk pou maladi grav. Pwoblèm medikal yo gen ladan moun ki gen: opresyon, maladi kwonik nan poumon, dyabèt, maladi kè grav, maladi ren kwonik k ap trete nan dyaliz, maladi fwa ak sistèm iminitè febli yo.

- **Sentòm ki pi kouran yo pou COVID-19 se tous ak souf kout.** Lòt sentòm yo gen ladan lafyèv, frison, souke, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.
- **Ou bezwen èd dijans** si sentòm yo vin pi grav, ou gen doulè kwonik nan pwatrin, li difisil pou ou respire oswa po bouch ou vin yon jan ble.



Pwoteksyon

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Lave ou apre ou fin mouche nen ou, touse oswa etènye, Lave ou apre ou fin pase tan nan yon plas piblik. Lave ou anvan ak apre manyen moun w ap okipe a. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.

Kouvri tous ak etènye ou. Sèvi ak yon klinèks oswa manch rad ou lè ou ap touse.

Pratike Distans Sosyal:

- Evite fowl ak gwo rasanbleman, espesyalman nan kote ki pa byen ayere yo.
- Pa bay moun lanmen.
- Kenbe omwen 6 pye distans ant oumenm ak lòt moun.
- Rete lwen moun ki gendwa malad.
- Mete yon pwoteksyon figi an twal sou bouch ou ak nen ou.
- Eseye al fè acha pandan èdtan ki pa gen ankonbreman yo—ta nan jou lasemèn yo oswa bonè nan wikenn—lè fowl nan magazen yo pi piti.
- Evite manyen sifas “anpil moun manyen” yo: bouton asansè, manch pòt, balistrad, elatriye.
- Chèche konnen si fanmi oswa zanmi ou te malad nan de semèn ki sot pase yo ANVAN ou rann yo vizit. Si yo te malad, repwograme nan omwen de semèn.

Planifikasyon

Pran yon vaksen kont grip si ou pa gen okenn sentòm maladi.

Si ou depann de tretman medikal regilye tankou dyaliz, swen blesi, elatriye, pale avèk founisè swen sante ou pou fè aranjman espesyal.

Kreye yon lis kontak fanmi, zanmi, vwazen, founisè swen sante, pwogram èd kominitè ak chofè. Asire nimewo telefòn yo ajou.

Rete an kontak avèk moun ki sou lis ou an epi fè yo konnen ou gendwa bezwen yo pou jwenn èd si ou vin malad.



Fè yon pwovizyon de a twa semèn nan sa ki annapre la yo:

- Manje ki p ap gate
- Founiti swen medikal ak swen sante
- Preskripsyon: asire ou ke yo ajou



Swen

Moun k ap bay swen yo, ede anpeche pwopagasyon COVID-19.

Si moun w ap okipe a abite nan yon etablisman:

- Konnen pwotokòl etablisman an pou epidemi an.
- Mande ransèyman chak jou sou sante lòt rezidan yo.
- Siveye vizitè yo. Mande yo si yo te malad nan de semèn ki sot pase yo oswa si yo gen lafyèv aktyèlman. Yon repons “wi” vle di vizitè la dwe ranwaye pou omwen de semèn.

Si w ap okipe yon moun lakay ou, ou pral gen pou prepare yon chanmakouche ak twalèt apa pou li. Aprann plis bagay sou kalite swen lakay sa yo: [CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/hcp/guidance-prevent-spread.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/hcp/guidance-prevent-spread.html)

IJYÈN
ENPÒTAN.
RESPEKTE
DIREKTIV
PWOTEKSYON
YO KIA
NWO A.

Depatman Zafè Granmoun Aje nan Florid (Florida Department of Elder Affairs) òganize plizyè apèl chak semèn avèk Ajans Zòn yo sou Vyeyès (Area Agencies on Aging) founisè sèvis prensipal ak lokal Aging Network. Pwogram Evalyasyon ak Egzamen Konplè Sèvis Swen Alontèm yo (Comprehensive Assessment and Review for Long-Term Care Services) bay evalyasyon, avi randevou 24 èdtan ak dosye medikal adistans pou moun nan kay, etablisman swen enfimye ak rezidans asiste.